Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 47 (7343)
11 ноябрь 2018 сон
ГьатIан
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Поздравление

Уважаемые сотрудники и ветераны органов внутренних дел Унцукульского района!

От имени администрации МО «Унцукульский район», депутатов районного Собрания и от себя лично поздравляю всех сотрудников и ветеранов правоохранительных органов района, так же прикомандированных сотрудников МВД России, с Днем сотрудника органа внутренних дел России!

Сотрудники органов внутренних дел всегда занимали достойное место в решении общегосударственных задач.

Ваш ежедневный труд — гарантия стабильности и порядка, спокойной жизни наших сограждан. От качества вашей работы напрямую зависит безопасность людей, их вера в силу закона, в способность власти защищать права и достоинство граждан.

Ваша самоотверженная служба – гарантия сохранности правопорядка на территории Унцукульского района. Выполняя свой долг, вы защищаете общечеловеческие ценности, сохраняете стабильность в обществе, способствуете дальнейшему его развитию.

Сотрудники правоохранительных органов обеспечивают безопасность значимых общественно-политических, культурных, спортивных событий и мероприятий, проводимых в районе.

Искренне благодарю вас за честную службу, верность выбранной профессии и преданное служение закону и защите безопасности.

От всей души желаем вам, вашим родным и близким крепкого здоровья, благополучия, мирного неба, спокойной службы, счастья и успехов в служении Отечеству!

Пусть наградой вам будут покой и благополучие в семьях наших граждан, их уважение к полицейским!

**Глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов**

Рихьуни ГЭС, лъелъ гъанкъарал ракьазул суал

## Саназ лъугIулареб ахIи-хIур



8 ноябралда Шамильхъалаялда букIана Унсоколо районалъул Рихьуни, Майданское, Унсоколо, ГьаракIуни, Хьаргаби районалъул Къудукь росабазул ракьазухъгун къаязухъ гIарац щвечIел данделъараб «Ансал» общественнияб цолъиялъул данделъи. Гьелъие гIилла букIана тIуранго ракьал-къаял лъелъ гъанкъарал гIадамазе гьезухъ компенсация щун гьечIолъи.

Собраниялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIамзатов, РДялъул лъелъ гъанкъарал ракьазул, транспорталъул, энергетикаялъул рахъалъ Министерствоялъул отделалъул нач. Гъ-М. ГIабдулвагьабов, «Ансал» цолъиялъул пред. Н. ГIамирханова, райадминистрациялъул зонаялъул суалазда хурхун специалист М. ГIалихIажиев, росабазул бутIрул ва цогидалги.

**(Ахир 3 гьумералда)**

Гьудуллъи, вацлъи, цоцада ричIчIи

## ГIемермиллатазул Дагъистан данде ахIараб фестиваль



9 ноябралда Шамильхъала поселокалда букIана Республикаялъул гIадатазулаб XIVфестиваль. Гьеб унеб букIана «Инагьде, дир пандур» абураб ахIиялда, ХъахIабросулъа МахIмуд гьавуралдаса I45 сон тIубаялъул хIурматалда. Гьенибго гьоркьобе бачун букIана «Авар кочIол сордо»,-абураб цойги фестивальги.

Фестиваль гIуцIараллъун цере рахъана РДялъул культураялъул Министерство, РДялъул Халкъияб творчествоялъул Рукъ, Унсоколо районалъул культураялъул отдел.

Райадминистрациялда цебе бугеб майданалда гIуцIун рукIана росабазул азбарал, гьенир гьалбал ахIулел рукIана кьер-кьерал магIарул тIагIамал кваназе, бихьизабулеб букIана халкъиял махщелчагIазул тIагIелал гьарулеб куц.

Фестиваль байбихьана «ХъахIабросулъа МахIмуд»,-абураб художественнияб асарazda рекъон «МахIмуд ва Муи»,-абураб спектаклялдасан ца бутIа ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Авар театралъ бихьизабиялдасан.



Хадуб рохалилаб къагIидаялъ тадбир рагьана ГI. ГIабдулаевас ва рагIи кьуна районалъул бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовасе.

«Ассаламу гIалайкум, лъикIаб къо, хIурматиял фестивалалъул гIахьалчагIи ва гьалбал!

РакI-ракIалъ вохарав вуго Унсоколо районалъул тIолабго жамагIаталъул ва дирго рахъалдасан республикаялъул «Инагьде, дир пандур» рамкаялда жаниб тIобитIулеб халкъияб творчествалъул ва гIадатазул республикаялъул XIV абилеб фестивальлъун лъугьараб, ХъахIабросулъа МахIмуд гьавуралдаса нахъе I45 сон тIубаялде буссараб гьаб тадбир рагьизе щвеялдаса.

Унсоколо район – гьеб ккола жинда релъараб гIемер гьечIеб, бечедаб тарихалъул, гьайбатал ва цIар рагIарал гIадамазул ракь. Халкъияб культура гьаниб щулалъана районалъул гIадамазул гIамал-хасияталъул качествабазул кумекалдалъун ва хутIана тарихиял ракIалде щвеязулъ, санал анагIан лъугьана магIна бугеблъун. Гьелъ ракI чIун абизе кIола халкъияб творчество тIолабго халкъалъул рухIияб рахъги бечелъиги бугин.

ТIолабго республикаялъул ва Россиялъул гIадатазулаб культура цIуни, гьелдаго цадахъ общественносталъул захIмалъабазде кIвар буссинабиялда цадахъго цIиял махшелгьунар бугел гIадамал ва коллективал загьир гьариги буго гьаб тадбиралъул мурад. Нужер творчествалъул коллективазул кумекалдалъун рес буго гьеб кIудияб жавабчилъиялъул масъала гIумроялде бахъинабизе.

**(Ахир 3 гьумералда)**

# Республика Дагестан Унцукульский район
# Собрание депутатов муниципального района

## РЕШЕНИЕ

**О внесении изменений в Решение Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» от 19 сентября 2014 года №126 «О введении на территории МО «Унцукульский район» единого налога на вмененный доход на отдельные виды деятельности**

Принято Собранием депутатов 21 июня 2018 года №65

**Собрание депутатов РЕШАЕТ:**

1. Ввести на территории муниципального образования «Унцукульский район» единый налог на вмененный доход для отдельных видов деятельности и корректирующего коэффициента базовой доходности К2, применяемые для осуществления деятельности на территории Унцукульского района согласно приложению №1.

2.Считать утратившим силу решение Собрания депутатов МР «Унцукульский район» от 19.09.2014 г. №126 с 1 января 2019 года.

3.Опубликовать настоящее решение Собрания на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район» и в районной газете «Садовод».

4. Решение вступает в силу с 1 января 2019 года.

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И. Нурмагомедов**

Приложение 1:
к Решению Собрания депутатов о введении в МО «Унцукульский район» единого налога
на вмененный доход на отдельные виды деятельности № 65 от «21» июня2018 г.

Значения корректирующего коэффициента базовой доходности К2 применяемые при осуществлении предпринимательской деятельности на территории МО «Унцукульский район» с 1 января 2019 года.

Зона 1 – Шамилькала;
Зона 2 – Унцукуль, Ирганай, Гимры;
Зона 3 – Аракани, Ашильта, Балахани, Майданское;
Зона 4 – Иштибури, Кахабросо, Харачи, Цатаних.

| № | Виды предпринимательской деятельности | Физические показатели | Базовая доходность в месяц (руб.) | Значение корректирующего коэффициента базовой доходности К2 | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Зона 1 | Зона 2 | Зона 3 | Зона 4 |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 1 | Оказание бытовых услуг | Количество работников, включая индивидуального предпринимателя | 10007500 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 2 | Оказание ветеринарных услуг | Количество работников, включая индивидуального предпринимателя | 7500 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 3 | Оказание услуг по ремонту, техническому обслуживанию и мойке автотранспортных средств | Количество работников, включая индивидуального предпринимателя | 12000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 4 | Оказание услуг по хранению автомототранспортных средств на платных стоянках | Общая площадь стоянки в кв.м. | 50 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 5 | Оказание автотранспортных услуг по перевозке грузов | Количество транспортных средств используемых для перевозки грузов | 6000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 6 | Оказание автотранспортных услуг по перевозке пассажиров | Количество посадочных мест | 1500 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 7 | Розничная торговля, осуществляемая через объекты стационарной торговой сети имеющие торговые залы | Площадь торгового зала в кв.м. | 1800 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 8 | Розничная торговля, осуществляемая через объекты стационарной торговой сети не имеющих торговых залов а также через объекты нестационарной торговой сети, площадь которых не превышает 5 кв.м. | Количество торговых мест | 9000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 9 | Розничная торговля, осуществляемая через объекты стационарной торговой сети не имеющих торговых залова также через объекты нестационарной торговой сети, площадь которых превышает 5 кв.м. | Площадь торгового места вкв.м | 1800 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 10 | Развозная и разносная розничная торговля | Количество работников, включая индивидуального предпринимателя | 4500 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 11 | Оказание услуг общественного питания через объект организации общественного питания имеющий зал обслуживания посетителей | Площадь зала обслуживания посетителей в кв.м. | 1000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 12 | Оказание услуг общественного питания через объект организации общественного питания не имеющих залов обслуживания посетителей | Количество работников, включая индивидуального предпринимателя | 4500 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 13 | Распростране-ниенаружной рекламы с использованием рекламных конструкций (за исключением рекламных конструкций с автоматической сменой изображения и электронных табло) | Площадь предназначенная для нанесения изображения,в кв.м. | 3000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 14 | Распространение наружной рекламы с использованием электронных табло | Площадь светоизлучающей поверхности в кв.м. | 4000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 15 | Распространение и (или) размещение наружной рекламы посредством электронных табло | Площадь информационного поля электронных табло в кв.м | 5000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 16 | Размещение рекламы с использованием внешних и внутренних поверхностей транспортных средств | Количество транспортных средств, используемых для размещения рекламы | 10 000 | 0,3 | 0,2 | 0,2 | 0,15 |

**(Продолжение на 3 странице)**

# Республика Дагестан Унцукульский район
# Собрание депутатов муниципального района

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 17 | Оказание услуг по временному размещению и проживанию | Общая площадь помещения для временного размещения и проживания в кв.м. | 1000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 18 | Оказание услуг по передаче во временное владение и (или) в пользование торговых мест, расположенных в объектах стационарной торговой сети, не имеющих торговых залов, объектов нестационарной торговой сети, а также объектов организации общественного питания, не имеющих залов обслуживания посетителей, если площадь каждого из них не превышает 5 квадратных метров | Количество переданных во временное владение и (или) в пользование торговых мест, объектов нестационарной торговой сети, объектов организации общественного питания | 6000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 19 | Оказание услуг по передаче во временное владение и (или) в пользование торговых мест, расположенных в объектах стационарной торговой сети, не имеющих торговых залов, объектов нестационарной торговой сети, а также объектов организации общественного питания, не имеющих залов обслуживания посетителей, если площадь каждого из них превышает 5 квадратных метров | Площадь переданного во временное владение и (или) в пользование торгового места, объекта нестационарной торговой сети, объекта организации общественного питания (в квадратных метрах) | 1200 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 20 | Оказание услуг по передаче во временное владение и (или) в пользование земельных участков для размещения объектов стационарной и нестационарной торговой сети, а также объектов организации общественного питания, если площадь земельного участка не превышает 10 квадратных метров | Количество переданных во временное владение и (или) в пользование земельных участков | 10000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |
| 21 | Оказание услуг по передаче во временное владение и (или) в пользование земельных участков для размещения объектов стационарной и нестационарной торговой сети, а также объектов организации общественного питания, если площадь земельного участка превышает 10 квадратных метров | Площадь переданного во временное владение и (или) в пользование земельного участка (в квадратных метрах) | 1000 | 0,3 | 0,25 | 0,2 | 0,15 |

Рихьуни ГЭС, лъелъ гъанкъарал ракьазул суал

## Саназ лъугIулареб ахIи-хIур



Къойил балагьиялде босун букIана кIиго суал:

I). Лъелъ гъанкъарал ракьазул рахъалъ гIадамазул бугеб пикру.

2). Рихьуни ГЭС балаго зарал ккарал гIадамазе компенсация кьеялъе законниял нухал ралагьи.

Данделъиялда бугеб хIалалъул бицун кIалъана лъелъ гъанкъарал ракьазул отделалъул нач. ГъазимухIамад ГIабдулвагьабов, «Ансал» цолъиялъул пред. Н. ГIамирханова.

КIалъазе рахъараз тIадчIей гьабуна ГЭС бай рагIалде бахъун гIемерал санал аниги жидее ракьазухъ-къаязухъ компенсация щвечIин, гьеб щвеялъе квербакъи гьабеян гьарана нухмалъулезда. Гьенибго гьоркьор лъуна бугеб хIалалъул рахъалъ Россиялъул Президент В. В. Путинихъе ва РДялъул БетIер В. Васильевасухъе хъвараб хитIаб. Данделъиялда гIахьаллъараз гьеб ракI-ракIалъ къабул гьабуна.

## ГIемермиллатазул Дагъистан данде ахIараб фестиваль

ХIурматиял фестивалалъул гIахьалчагIи! Жакъа нилъеца салам кьолеб буго республикаялъул 20 районалъул коллективалъе. Божарав вуго нужеца цадахъ бачIараб фольклоралъул культураялъул, гьунаралъул, махщелалъул, гьелде бугеб рокьи – ритIухълъиялъул бищунго бухIараб асар жакъа гьанир гIахьаллъаразул щивасул ракIазулъ хутIилин ва цогояб творчествогун жубалин, гьезулги рохел районалъул такрарлъулареб берцинлъигун цадахъ щивасул ракIазулъ даимго хутIилин.

Жакъа Унсоколо районалъул администрациялъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула Дагъистан Республикаялъул Культураялъул Министерствоялъе, Республикаялъул Творчествалъул Рукъалъе, районалъул культураялъул отделалъе фестиваль гIуцIаралъухъ.

Биччанте фестивалалда букIине гьудуллъиялъул, цоцада ричIчIиялъул атмосфера, биччанте гьаб дандчIвай щивасул ракIазулъ даимгоялъе хутIизе! Гьарула, нужее, сахлъи, талихI, битIккей, кIочонарел талихIал лахIзатал, творчествалъулал бергьенлъаби!»,-ян абуна гьес.

Саламалъулал рагIаби абуна Унсоколо районалъул хIурматияв гражданин, Авар театралъул директор М-Р. МухIамадрасуловас, ХъахIабросулъа МахIмудил фондалъул пред. М. ХIасановас ва цогидазги.

Роха-хинлъиялъул ахIвал-хIал хисана праздникалъулаб концерталъ. Гьенир цере рахъана ГIахьвахъ, Болъихъ, Хасавюрт, Лаваши, Дахадаев, Шамиль, Унсоколо, Гъуниб, ЦIумада, ЛъаратIа, ЧIарада, Хунзахъ районазул коллективал. Гьезда гьоркьор рукIана ХI. МухIамадовасул цIаралда бугеб искусствалъул школалъул «Унцукуль» фольклорнияб, зурмаби пулезул ва цогидалги ансамблял. Пандуралда панаял кучIдул ахIана С. МухIамадовалъ, А. Рамазановас, А. Ражабовас, ГI. ГIабдулаевас ва гIемерал цогидазги.




Киналго фестивалалда гIахьаллъаразе кьуна суверинал ва цогидалги сайгъатал.

Фестиваль ана халкъияб бечелъи, халкъияб кечI-бакъан, магIарулазул тIабигIат-гIумро цIуниялъул ва фольклор цебетIезабиялъул асаралда гъоркь.

# ЛъикIаб ишалъе квербакъани лъикIан



Гьаб соналъул 27 октябралда тIубанго бухIана ЧIарада районалъул Гьочоб росдал мажгит.

Гьеб ишалъулъ информация къватIибе кьун чIеялда гIей гьабичIо районалъул «Блогеразул Советалъ», нухде биччана «ЛъикIал ишал» абураб лъикIлъи гьабиялъул иш, ккуна гьезие гьудуллъиялъулаб кIигъеж. Киналго Советалъул членаз бакIарана гIарац.

8 ноябралда гьел дандчIвана Гьочоб росдал вакилзаби ГIумархIажи МухIамадовгун, СултIан ГIисаевгун ва бакIарараб гIарац мажгит цIи гьабизе кьуна. Вакилзабаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна жидерго иргаялда гьезие.

ЛъикIал ишазе квербакъани лъикIан цогидал идарабазги.

*Сахлъи*

# Макрояб аппендицит

**(ХIапароялда релъараб чIегIераб бакьалъул гьитIинабго гIаркьел сабаблъун гьабсагIаталдаги холел руго гIадамал. Щиб гьабилеб аппендицит бугони?)**

**Гьеб лъазе бигьаяб гьечIо**

Аппендициталъул макро бук1ин ккола гьелда бокьараб санагIалъиялда нахъа бахчизе кIолеб букIин. Гьеб ккола грипп, холецистит, язва, придаткаби квачай, маткатун къватIисеб лъимер ккей ва гь. ц. Гьелъул приступ лъазе кIола гIицIго врачазда, гьединлъидал цIа-кан баханиги, чехь унтаниги иш къотIун тезе лъикIаб гьечIо. Масала, цIа-кан бахани ракI хисун лагIдани, чохьол гIамал-хасият хисун бугони, нахъ бахъичIого ахIе 03.

Зама-заманалдасан чохьол унти секьулеб бугони, унти дагьабги захIматаб нормаялде сверун букIуна. Унти гIодобе ккезабулел дараби ва антибиотикал хIалтIизаризе кинго бегьуларо! Унти гIодобе ккола ва хIинкъи бугеб апендецит лъазе захIмалъула. Гьеб бугони хинаб ванаялъур регизе, грелка лъезе бегьуларо. Гьелъ унти цIикIкIинабула ва хьордон гьеб чвахизе бегьула чохьонибе. Клизмаби гьаризе, желчегониял жал гьекъезеги хIинкъи буго. ГIицIго гIодобе биччай букIинабизе ккола.

**Кумек гьабула гIицIго врачас.**

Беццаб бакьалъул унти лъугьинабулин абула семечкаялъ, бакьазул паразитаз, гьанал квенал цIикIкIани, запорал ругониги… ХIакъикъаталда абуни гьелъие гIилла жеги лъалеб гьечIо. Гьединлъидал аслияблъун ккола унтидал врачасухъе ин. Дагьаб заман унтун анагIан бигьаяб букIуна операция. ХIалбихьи бугел врачаз абула аппендикс нахъе къотIун рехизегIан бигьаяб операция гьечIин. ЦIикIкIун заманаялъ унтун хутIани, гьеб 2-3 сагIаталъцин гьабизе ккезе бегьулин.




**Сундуе гьеб бакь хIажалъулеб?**

Араб гIасруялда СШАялда щибаб гьабураб лъимадул гьебсагIатго къотIун нахъе босулаан аппендикс. Амма хадуб бичIчIана гьеб нахъе босарал лъималазул ва гIадамазул квен бигьиналъул захIмалъаби кколел рукIин. Гьеб органалда жаниб лъугьунеб буго букIине кколедухъ бакь-кIач хIалтIизабулеб вещество.

# «Ахихъан» хъвазин

**ХIурматиял «Ахихъан» газета цIалулел!**

Унеб буго 20I8 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие «Ахихъан» газеталъе подписка гьаби. Гьеб гьабула щибаб росдал почталъул отделениязда ва Шамильхъалаялда бугеб почтамталдасан.

Газета лъагIалиего хъвазе бегьула 445,32 гъ., бащдаб лъагIалие 222,66 гъурущалде. Редакциялдасан хъвалезе эркенаб къагIидаялъ багьа тун буго I50 гъурущалде.

«ХIурматиял газета цIалулел, редколлегиялъ кинабго гьабулеб буго районалда ккараб-тараалъул, гьелъул захIматалъулал гIадамазул хIакъалъулъ нужее битIараб информация кьеялъе, нужее пайдаял программабазул бициналъе, пайдаял малъа-хъваял гьариялъе. КIочон тоге бищунго нужее гIагараб газета хъвазе, гьабе гьелъулгун гьудуллъи! Нуж гьелдаса рекIекълъиларо»

**РЕДКОЛЛЕГИЯ**

Нужеда рагIун букIаниц?

# Цо-цо кантIизариял

* Жиндирго машгьурал рагьиял Архимедица гьарулаан ваннаялъув вегун вукIаго. Менделеевасда химиялъул элементазул таблица ботIролъе бачIана кьижун вукIаго. ЦIех-рехаз бихьизабуна: нилъеда гIадатиял гIадамаздаги регун рукIаго бигьаго ва хехго тIуразаризе бажарулин цIакъго захIматал масъалабицин. Регун ругеб мехалъ нилъер мозгалъулъе бачIунеб буго цIикIкIараб къадар би, нилъ столалда нахъа гIодор чIунги рахъунчIунги ругеб мехалдаса лъикI. Гьединлъидал регараб мехалъ хIисабалде росизе лъикIал руго гьаризесел хIалтIаби.

* * *

Киданиги тоге раковинаялъуб чуричIеб рагI-мач. ЦIакъго гьелъул кIвар буго тIаде нилъ рокьуларел гIадамал рачIун ругони. Чорокаб рагI-мачалъ тIаде цIалеб буго гIемераб лъикIаб гьечIеб энергия. Гьеб жиндир заманалда чуричIони, квешаб энергия кибго рокъоб тIибитIизе рес буго.

* Рокъоб матIу базе ккола бищун берцинаб бакI бихьулеб рахъалда. ЛъикIаб букIинаан матIу кухнялда, бечедго къачIараб стол бихьулеб бакIалда бани.

* Мунагь цIикIкIани – къварилъаби гIемерлъула. Чиясул сахлъи лъикIаб букIунин рикIкIуна гIумро бокьулеб бугони. Гьев оптимист ватани, живгоги аскIор ругелги битI кколел рукIуна, нилъеда гьеб бихьулеб гьечIониги. ГIадамазул бугелъулха аскIоб бугеб лъикIаб бихьулареб, квешаб хехаб бералъ босулеб гIадат. Квешлъи хехго тIибитIизеги гьабула, лъикIлъи гьира гьечIого тIибитIизабула. Гьеле гьелъулъ буго нилъер киналго унтаби ва балагьал.

*Нужер кинал ругониги унти-къварилъаби ругони, балагье бидул рекIен бугеб гIагарлъиялъухъ. Нужеца жаваб кьезе кколеб батизе бегьула гьезул такъсиразе гIоло. Квешаб битIизабизе бигьаго букIунаро, амма Аллагьасде гьардей ккола бащдаб гьеб иш тIубай.

*Кидаго кIочене бегьуларо нилъеца ццидакьго абураб рагIул ккезе бегьулеб ахиралъул. РагIул букIуна кIудияб къуват, гьелъулги жаваб кьезе ккола.

* * *

Ихдал гIицIго бакъ гуребги чIаголъилъун ккола лъим ва хер. Гьединлъидал гIемер ралагье гIурччинаб харихъ ва чвахулеб лъадахъ. Гьелъ гIицIго гIодоре риччазари гуребги, бахъула свак ва беразул хIалккей, чорхолъе бачIуна цIияб энергия.

Амма нужер чваххулеб лъеца нерваби хIалакинарулел ругони, нужер сахлъиялъул, хасго нервабазул захIмалъаби руго. Хехго врачасухъе а!

# Баркула!



Дагьал церегIан къоязда МахIачхъалаялъул @cinema_hall кинотеатралда букIана республикаялъул авар мацIалда къватIибе бачIунеб «ХIакъикъат» газеталъул шапакъаталъе гIоло тIобитIулеб конкурс. Гьеб бухьараб букIана Дагъистаналъул халкъияв поэт Р. ХIамзатов гьавуралдаса 95 сон тIубаялда. Гьениб Расул ХIамзатовасул кечI цIалун бергьана Унсоколо № I школалъул 3 классалъул цIалдохъан Абубакар ГIабдулаев. Газеталъул редактор ГIали Камаловас цIалдохъанасе кьуна диплом ва сайгъат.

Баркула А. ГIабдулаевасда бергьенлъи!

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 10. 11. 18 г. 16.30
фактически -16. 40 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.